**Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Специальная (коррекционная) общеобразовательная школа-интернат**
**для слепых и слабовидящих имени В.Ш.Дагаева»**

**Приложение 1**
**к АООП ООО**

**Утверждаю**
Директор ГБОУ «С(к)ОШИСС имени В.Ш.Дагаева»
______________ / Ч.А.Гайрабеков/

Приказ № 79 от _31 08_ 2023 г.

# Фонд оценочных средств
# по учебным предметам
# основного общего образования
# 5-10 классы
# (слепые и слабовидящие)

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

Сертификат: 009470AE819E71EA668F10AD13E22CE63E
Владелец: ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ "СПЕЦИАЛЬНАЯ (КОРРЕКЦИОННАЯ) ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА-ИНТЕРНАТ ДЛЯ СЛЕПЫХ И СЛАБОВИДЯЩИХ ИМЕНИ В.Ш. ДАГАЕВА"
Действителен: с 07.03.2023 до 30.05.2024

**Фонд оценочных средств**

**по учебному предмету «Чеченский язык»**
**5-9 классы**
**(слабовидящие)**

Составители:
Сулейманова Субар Сайдхасановна
Байтулаева Асма Самрудиновна
учителя: чеченского языка

г. Грозный
2023/2024

## Паспорт фонда оценочных средств

Данный фонд оценочных средств разработан для 5-9 классов ГБОУ С(к)ОШИСС им. В.Ш. Дагаева, по учебному предмету «Чеченский язык» (для слабовидящих) и соответствует Федеральному государственному образовательному стандарту для детей с ОВЗ, учебному плану школы, рабочей программе учебного предмета, реализуемым в соответствии с ФГОС ООО, образовательным технологиям, используемым в преподавании данного учебного предмета для слабовидящих.

Оценочные средства разработаны для проверки качества формирования знаний, умений, навыков (УУД) на этапе входного и итогового контроля и являются действенным средством не только оценки, но и обучения.

Структурными элементами фонда оценочных средств являются комплекты контрольно-оценочных средств, разработанных по данному учебному предмету.

*Целями* разработки и использования фонда оценочных средств являются:

-оценка качества образования по учебному предмету;

-обеспечение сопоставимости образовательных достижений обучающихся зависимости от условий образовательного процесса;

-выявление пробелов в знаниях обучающихся и своевременная корректировка их индивидуального обучения;

-определение эффективности организации образовательного процесса в школе.

## Критерии оценивания различных видов оценочных средств

Для выявления и сравнения результата учебной деятельности с требованиями, которые задаются данной программой, будет проводится контроль знаний и умений учащихся. Основная цель контроля состоит в обнаружении достижений, успехов учащихся, через призму которых рассматриваются недостатки в осуществлении учебной деятельности, пробелы в знаниях; в указании путей совершенствования, углубления знаний, умений учащихся.

Контроль знаний учащихся осуществляется в виде:

1. Проверочных работ - используются при фронтальном, текущем и итоговом контроле с целью проверки знаний и умений учащихся по достаточно крупной и полностью изученной теме программы;

2. Устного опроса – проводится преимущественно на первых этапах обучения, когда требуется систематизация и уточнение знаний учащихся;

3. Тестов – задания свободного выбора ответа и задания, где ввод определенным образом ограничен. Тесты дают точную количественную характеристику не только уровня достижения учащегося, но также могут выявить уровень общего развития; умения применять знания в нестандартной ситуации, находить способ построения учебной задачи, сравнивать правильный и неправильный ответы и т.п.

**Эталон критериального оценивания разных форм тестовых заданий**

| № | Формы тестовых заданий и их параметры | оценивание |
|---|---|---|
| 1 | Выбор одного варианта ответа из предложенного множества | 1 балл |
| 2 | Выбор нескольких верных вариантов ответа из предложенного множества | Максимально – 2 балла |
| | без ошибок | 2балла |
| | выполнение задания с одной ошибкой (одного неверно указанного, или одного недостающего варианта, или лишнего наряду с верными вариантами) | 1 балл |
| | 2 и более ошибки | 0 баллов |
| 3 | Задания на установление соответствия | Максимально – 2 балла |
| | без ошибок | 2балла |
| | выполнение задания с одной ошибкой (одного неверно указанного, или одного недостающего варианта, или лишнего наряду с верными вариантами) | 1 балл |
| | 2 и более ошибки | 0 баллов |
| 4 | Задание на установление правильной последовательности | максимально – 2 балла |
| | без ошибок | 2балла |
| | выполнение задания с одной ошибкой | 1 балл |

| | | |
|---|---|---|
| | 2 и более ошибки | 0 баллов |
| 5 | Задание на заполнение пропущенного ключевого слова (открытая форма задания) | максимально – 2 балла |
| | без ошибок | 2балла |
| | выполнение задания с одной ошибкой | 1 балл |
| | 2 и более ошибки | 0 баллов |
| 6 | Задание на классификацию материала (н-р, распределение слов по частям речи в столбцы или строки таблицы) | Максимально – по количеству категорий |
| | за каждую верно заполненные столбец или строку таблицы | 1 балл |
| 7 | Графическая форма тестового задания | |
| | *Индивидуально для каждого предмета* | |

**Эталон перевода баллов в оценки**

| 86% - 100% | 60% - 85% | 34% - 59% | 0% - 33% |
|---|---|---|---|
| **«5»** | **«4»** | **«3»** | **«2»** |

*Например:*

8 баллов из 50 баллов;

100:50*8= 16%

## Чеченский язык 5 класс

## Тест №1

**Вариант I:**

**1.Нохчийн меттан алфавитехь ...элп ду.**
а) 33;
б; 45;
в) 49;

**2. Нохчийн меттан дожар... ду.**
а) 8;
б) 6;
в) 10;

**3. Нохчийн маттахь мукъаза къора... аз ду.**
а) 14;
б)13;
в) 11;

**4. Нохчийн маттахь зевне мукъаза аз... ду.**
а) 10;
б) 19;
в)13;

**5. Билгалйаха омонимаш, синонимаш, антонимаш.**
а) серло,бода,дика,вон,машар,т1ом
б) доттаг1,накъост,говр,дин
в) м1ара, мотт, ц1е

**6. Къамелан дакъа ... ду.**
а) 5;
б) 10;
в) 8.

**7. Ц1ердашо ... гойту.**
а) мухалла;
б) х1ума;
в) барам.

**8. Ц1ердош преложенин меже ... хуьлий лела.**
а) латтам;
б) къастам;
в) подлежаши.

**9. Ц1ердешнийн ... класс йу.**
а) 3;
б) 5;
в) 1.

**10. Билгалдешнаш хуьлу ...**
а) берта, бертаза;
б) долахь, йукъара;
в) мухаллин, доладерзоран, йукъаметтигаллин.

**Вариант II:**
1. ЦIердешнашца лелачу билгалдешнех хIун олу?
а) лаамаза билгалдош
б) лааме билгалдош

2. Билгалдешан маса легар ду?
а) 2;
б)3;
в) 4

3. Терахьдашо хIун гойту?
а) хIуманан билгало
б) хIуманан дар йа хилар
в) хIуманан масалла йа рогIалла

4. ХIуманан цIе а ца йоккхуш, йа цуьнан мухаллий, масаллий билгал а ца еш, и хIума гойтучу къамелан декъах хIун олу?
а) цIердош;
б) цIерметдош;
в) терахьдош

5. Йаххьийн цIерметдешнаш маса йуьхье декъало:
а)2;
б) 6;
в)3

6. ХIуманан дар йа хилар гойтучу къамелан декъах хIун олу?
а) цIерметдош;
б) хандош;
в) билгалдош

7. Хандешан коьрта маса хан йу?
а) 2;
б) 4;
в) 3.

8.Цхьа а хийцам боцуш долийначу, нехан къамелахь хIун олу?
а) ма - дарра къамел.
б) лач.- къамел.

9. Кавычкаш йуккъехь, доккхачу элпаца йаздийриг муьлха къамел ду?
а) лач.-къамел.
б)ма- дарра къамел

10.Къамел хьанна йа стенна тIедерзийна гойтучу дешнех хIун олу?
а) терахьдош;
б) билгалдош;
в) тIедерзар

## Тест № 2

**Вариант I**
**1. Нохчийн алфавитехь элп ду:**
а) 33;
б) 49;
в) 46.

**2.Мукъа аьзнаш хуьлу:**
а)зевне, къора;
б)меран йа манкха;
в) доца, деха.

**3.Мукъаза аьзнаш хуьлу:**
а)доца, деха;
б)зевне, къора;
в)меран йа манкха.

**4.Зевне мукъаза аз ду:**
а) 13;
б) 17;
в) 19.

**5.Къора мукъаза аз ду:**

а) 15;
б) 16;
в) 13.

**6. Предложенин коьрта меженаш хуьлу:**
а)подлежащи, сказуеми ,нийсакхачам;
б) подлежащи,сказуеми, лачкхачам;
в) подлежащи,сказуеми, кхачам.

**7.Предложенин коьртаза меженаш хуьлу:**
а) лач кхачам, къастам, латтам;
б) кхачам, сказуеми, латам;
в) кхачам, подлежащи, латтам.

**8.Амната стихотворени дика йоьшу:**
а)коьрта меженаш нийса къастийна ;
б)коьрта меженаш нийса ца къастийна.

**9.*Марха институте деша йахан:.***
а)Марха–подлежащи ду;
б) институте - подлежащи ду.

**10.Карае коьрта а, коьртаза а меженаш:**
***Аьхка довха денош лаьттара***.

**11. ночийн маттахь къамелан дакъош ду:**
а) 3;
б) 4;
в) 6.

**Вариант II:**

**1.Предложенийн тайпанаш хуьлу:**
а)дийцаран, хаттаран, айдаран;
б)дийцаран, хетаран, аларан.

**2.Х1окху предложенехь т1едерзар ду:**
а)Тхуна дукхабеза хьо, Даймохк!
б) Мархас меллаша, амма ц1ена йаздо.
в)Бераш школехь ловзу, доьлу, уьду.

**3.Зевне мукъаза аз ду:**

а) 13;
б) 17;
в) 19.

**4.Къора мукъаза аз ду:**
а) 15;
б) 16;
в) 13.

**5.Легашна т1ера мукъаза аз маса ду?**
а) 9;
б) 7;
в) 5.

**6.Коьрта а, коьртаза а меженаш лаха:**
а) элпаш, аьзнаш;
б) дешнаш, дешнийн кхолладалар;
в) дешнийн цхьаьнакхетар, предложенеш;
г) къамелан дакъош.

**7.Лексика олу:**
Меттан дерриге дешнех;
Меттиган маттах;
Дешнийн нийса йаздарх.

**8.Говредда. Малхчубуьзна . Х1ара предложенеш:**
а) йаржаза ;
б) коьрта;
в) йаьржина.

**9. ночийн маттахь къамелан дакъош ду:**
а) 3;
б) 4;
в) 6.

**10.Предложенин коьртаза меженаш хуьлу:**
а) кхачам, къастам, латтам;
б) кхачам, сказуеми, латтам;
в) кхачам, подлежащи, латтам.

**11.<u>Амната</u> стихотворени дика <u>йоьшу:</u>**
а)коьрта меженаш нийса къастийна ;
б)коьрта меженаш нийса ца къастийна.

**Чеченский йазык 6 класс**
**Нохчийн мотт**
**6 класс тест №1**

***Вариант I***

**1. Нохчийн меттан алфавитехь маса элп ду?**
а) 33
б) 27
в) 49
г) 26.

**2. Нохчийн меттан шалха элп маса ду?**
а) 10
б) 15
в) 5
г) 12.

**3. Шалха мукъа элп маса ду?**
а) 5
б) 3
в)10
г) 6.

**4. Шалха мукъаза элп маса ду?**
а) 10
б) 2
в) 15
г) 21.

**5. Дош стенах лаьтта?**
а) дешан дакъойх
б) дешнийн цхьанакхетарехь
в) къамелан декъах.

**6.Гергарчу дешнийн йукъарчу декъах х1ун олу?**
а) дешхьалхе
б) суффикс
в) орам
г) чаккхе.

**7.Стенах олу чаккхе?**
а) дешан хийцалучу декъах
б) гергарчу дешнийн йукъарчу декъах
в) керла дош кхуллучу декъах.

**8. Муьлхачу дешдакъойн гIоьнца кхоллало керла дешнаш?**
а) орам, чаккхе
б) дешхьалхе, орам
в) дешхьалхе, суффикс.

**9. Чолхе дешнаш муьлхачу дешнех олу? Шайн хIоттамца билгалдаха уьш:**
а) йуьртахой, дешар, дикалла
б) дIайаздар, хьалагIатта, тIевеана
в) зудабер, йуьртбахам, хIутосург;

**10. Предложени стенах льтта?**
а) дешдакъойх
б) дешнех, дешнийн цхьанакхетарех
в) аьзнех..

**Вариант II**
**1.Шайн аларца маса тайпана хуьлу предложенеш?**
а) 3
б) 2
в)6
г) 4.

**2. Шена чохь хаттар дерг муьлха предложени йу?**
а) хаттаран
б) дийцаран
в) айдаран
г) т1едожаран.

**3. Дийцаран предложени стенах олу?**
а) Шена чохь цхьа хаам болчух
б) шена чохь хаттар долчух
в) Къаьсттинчу дог - ойланца олучух.

**4. Къаьсттинчу дог - ойланца, хазахетарца йа хастам барца олучу предложенин чаккхенга муьлха сацаран хьаьрк дуьллу?**
а) тIадам
б) хаттаран хьаьрк
в) айдаран хьаьрк.

**5. Предложенин коьрта меже маса йу?**
а) 3
б) 4
в) 2

г) 6.

**6. Нохчийн маттахь дуьххьара предложенин муьлха меже билгалъйаккха еза?**
а) подлежащи
б) сказуеми
в) кхачам.

**7. Стенах олу цIердош?**
а) хIуманан дар йа хилар гойтучу къамелан декъах
б) хIума билгалъечу къамелан декъах
в) хIуманан билгало гойтучу къамелан декъах.

**8. ЦIердешан маса дожар ду?**
а) 8
б) 6
в) 3.
**9. Легар стенах олу?**
а) цIердешнийн классашца хийцадаларх
б) цIердешнийн терахьашца хийцадаларх
в) цIердешнийн дожаршца хийцадаларх.

**10. ХIуманан билгало а гойтуш, муха? муьлха? хьенан? стенан? бохучу хаттаршна жоп лучу дешнех хIун олу?**
а) цIердош
б) билгалдош
в) хандош
г) терахьдош.

## Тест №2

**Вариант I.**
**1. Дешнийн маь1на хуьлу.**
1.доца
2.жима
3.хала
4.нийса.

**2. Лексикологино 1амадо:**
1.элпаш
2.дешнаш
3.аьзнаш
4.предложенеш.

**3. Т1еэцна дош билгалдаккха:**
1.серло
2.ламаз
3.маршо.

**4. Омонимаш гойту:**
1.тайп-тайпана маь1на
2.гергара маь1на
3.дуьхьалара маь1на.

**5.Лаха омоним:**
1.г1иллакх
2.б1аьрг
3.шовда
4.кхаж.

**6. Синонимаш гойту:**
1.тайп-тайпана маь1на
2.гергара маь1на
3.дуьхьалара маь1на
4.цхьа а маь1на ца гойту.

**7.Синонимаш йалае:**
Хьал-
Чехка-
Хаза-
К1ант-

**8.Антонимаша гойту:**
1.тайп-тайпана маь1на
2гергара маь1на
3.дуьхьалара маь1на
4.цхьа а маь1на ца гойту.

**9. Антонимаш йалае:**
Дика-
Жима-
Готта-
Лекха-

**10. Т1едеана маь1на долу дешнаш къастаде:**
1.б1аьрзе стаг
2.б1аьрзе ойла
3.дера акхарой .

**Вариант II**
1. Меттан дерриг дешнех олу:
1.фонетика
2.синтаксис
3.лексика.

**2.Дешнаш лелаш хуьлу:**
1.тардинчу маь1нехь
2.чолхечу маь1нехь
3.аьзнийн маь1нехь.

**3.Словараш х1итторан 1илма ду:**
1.лексика
2.лексикологи
3.лексикографи.

**4.Масех маь1на долчу дешнех олу:**
1.синонимаш
2.омонимаш
3.антонимаш.

5.**Гергара маь1на долчу дешнех олу:**
1.синонима
2.антонимаш
3.омонимаш.

**6.Дуьхьалара маь1на долчу дешнех олу:**
1.Синонимаш
2.Омонима
3.Антонимаш.

**7.ЙАлае антонимаш:**
Майра-
Дуьне-
Т1ом-
Еха-

**8. Цхьа маь1на долу дош лаха:**
1.куьг
2.дин
3.марха
4.мох.

**9.Фразеологизмаш олу:**
1.Дешнийн парг1атчу цхьаьнакхетарех
2.Ешнийн ч1аг1деллачу цхьаьнакхетарех
3.Вовшашца уьйр йоцчу дешнийн цхьаьнакхетарех.

**10.Т1едеана маь1на долу дош къастаде:**
1.Шера мотт
2.Шера т1улг
3.Чехка

**7 класс**

**Тест №1**

**Вариант I:**

**1. Ц1ердош къамелан дакъа ду. Цо гойту:**
1.дар йа хилар;
2.х1уманан билгало;
3.х1ума.

**2. Ц1ердешан дожар ду.**
1) 5;
2) 6;
3) 9;
4) 8.

**3.** Сатоссуш байчу мохо ловзабаьккхира х1орд.
А) х1ара предложении айдаран йу;
Б) дийцаран йу;
В) хаттаран йу.

**4.Идриса урокаш 1амайора.**
А) подлежащи нийса билгалдаьккхина;
Б) подлежащи нийса билгал ца даьккхина;
В) подлежащи ду.

**5.**Йоккхачу спортивни зал чохь бераша физкультура йора.
А) кхузахь бу нийса кхачам;
Б) кхузахъ бац нийса кхачам;
6. Коьртаза меженаш йу:

________________________________________________________________________________
__

**6. Х1орш бакъдаран дакъалгаш ду:**
1) бен, деккъа;
2) те, х1аъ, дера;
3) - м, - кх, - х, - кха;
4) ца, ма, х1ан-х1а .

**7. Х1окху мог1арехь массо дешнашкахь «и» йаздан деза:**
1) гуьйр…г, тайн…г, ширдол…г, луьйд…г;
2) пез…г, буьйд…г, т1ийр…г, шел…г;
3) леж…г, к1он…г, хел…г, к1айн…г;
4) гер…г, пот…к, циц…г, лопп..г.

**8. Билгалдаккха нийса доцу т1еч1аг1дар:**
1) ЕЛАЕЛЛА дашехь элпаш, аьзнаш цхьатера ду;
2) ХИЛЛЕРА дашехь аьзнаш элпел к1езиг ду;
3) ДОГДИЛЛИНА дашера массо мукъаза аз зевне ду;
4) ЙОККХА дашера КХ элп шала шалха ду.

**9. ДУКХАВАХАРГ боху дош:**
1) ц1ердош ду;
2) причасти йу;
3) хандош ду;
4) масдар ду.

**10. Билгалдаккха  нийса доцу т1еч1аг1дар:**
1)  МЕТТИГ дашехь элпаш аьзнел дукха ду;
3) СОБАР дашехь мукъаза аьзнаш зевне ду;
4) ТАХАНА дешан хьалхара элп къора ду.

**Вариант II:**

**1. САДА1АР боху дош:**
1) хандош ду;
2) масдар ду;
3) билгалдош ду;

4) лааме причасти йу.

**2. Билгалдаккха нийса доцу т1еч1аг1дар:**
1) ЙУЬХЬ дашехь аьзнаш элпел дукха ду;
2) АДАМ дашехь элпаш, аьзнаш цхьатерра ду;
3) МЕТТИГ дашехь аьзнаш элпел дукха ду;
4) ГОВР дашехь хьалхара мукъаза аз зевне ду.

**3. Х1окху мог1арера шадолу билгалдешнаш дожаршца хийцалуш** дац:
1) Ц1ен, можа, баьццара, боьмаша;
2) Ал, раз, пурх, лач;
3) Кехатан, сийнаниг, лоха, шийла;
4) Горга, муьста, т1аьрсиган.

**4. Х1окху дешнийн цхьаллин терахь ца хуьлу:**
1) З1аьнарш, хьелий, дой, леш;
2) Йоькаш, чуьйраш, букъарш, булкъаш;
3) Аьрцнаш, дошлой, ахкарш, г1одмаш;
4) Т1одий, баххьаш, гаьънаш, лоьдгаш.

**5. Х1ара дешнаш дукхаллин терахьехь ца лела:**
1) Сий, малх, адамалла, акхалла;
2) Етт, ехк, шело, хулчи;
3) Недарг1а, лоччар, кохьар, ковра;
4) Зорх, г1ум, битам, бай.

**6. Х1ара дешнаш антонимаш дац:**
1) Сег1аз - бокх;
2) Бупп1аз - ург1ал;
3) Мук1арло - кийтарло;
4) Нуьйжа - варзап.

**7. Х1ара дешнаш синонимаш дац:**
1) Шовр - чуьхьа;
2) Гоьза - гарс;
3) Мохь - кира;
4) 1осалла - суьпалла.

**8. Х1окху предложенехь нийсайаздаран г1алат ду:**
1) Иштта бохурий ца цо?
2) Зина-м ма йара цигахь.;
3)  Палс маббу хеца ког.

**9. Х1ара дешнаш нийсайаздина дац:**

1) Цалору дерг, цахуу дерг, цамоьтту дерг;
2) Цалуург, цахиънарг, цахезарг;
3) Ца моьттуш, ца гуш, ца хьожуш;
4) Цалаьийла, цахетийла, цаалар.

**10.Х1окху чолхечу хандешнийн йуьхьза кеп йу:**
1) Дерзало, лакхало, алало;
2) Серлайолу, гамхдела, жимделла;
3) Сахуьлу, сахьийза, садов;
4) Хазло, марзло, хаало.

## Тест № 2

**Вариант I:**

**1.Подлежащи хуьлу:**
а) грамматически, логически;
б) лааме, лаамаза;
в) мухаллин, меттиган.

2. Сказуеми хуьлу:
а) грамматически, логически;
б) хандешан х1оттаман сказуеми;
в) мухаллин, меттиган.

**3. Подлежащино гойту:**
а) даран йа хиларан тайп-тайпана билгалонаш;
б) х1уманан дар йа хилар;
в) х1ума билгалъйар.

**4. Сказуемино гойту:**
а) даран йа хиларан тайп-тайпана билгалонаш;
б) х1уманан дар йа хилар;
в) х1уманан билгало.

**5.Муьлхачу предложенера сказуеми хандешан х1оттаман ду?**
а) Асетана книжка еша лаьа;
б) Дешар -серло, цадешар - бода.

**6.Муьлхачу предложенехь ц1еран х1оттаман сказуеми ду?**
а) Пушкин поэт ву ;
б) Арахь дог1а дог1у.

**7.Муьлха сказуеми ца хуьлу:**

а) хандешан цхьалхе;
б) х1оттамза;
в) хандешан х1оттаман.

**8. Маца? Мацале? Маццалц? Маца дуьйна - х1ара хаттарш:**
а) даран суьртан латтаман ду;
б) хенан латтаман ду;
в) бахьанин латтаман ду.

**9. Бузучу малхо серлайаькхинера йурт. - предложенера «йурт» боху дош х1ун меже йу?**
а) лач кхачам бу;
б) сказуеми ду ;
в) нийса кхачам бу.

**10. Мича? Мичахь? Мичара? Мичахула? Стенга? Стенгахь – х1ара хаттарш:**
а) даран суьртан латтаман ду;
б) меттиган латтаман ду;
в) бахьанин латтаман ду.

**Вариант II:**

**1.Муьлхачу предложенера подлежащи грамматически ду?**
а) ЙАха школе йахара;
б) Олхазарша ца лоькхура зевне эшарш.

**2. Муха? Мича кепара? – х1ара хаттарш:**
а) даран суьртан латтаман ду;
б) хенан латтаман ду;
в) бахьанин латтаман ду.

**3. Фольклор халкъан барта кхолларалла - предложенехь**
1) ц1оьмалг йилла ейза;
2) тире йилла йеза;
3) х1уммаъ йилла ца йеза.

**4. Х1унда? Х1ун бахьана долуш – х1ара хаттарш**
а) даран суьртан латтаман ду;
б) хенан латтаман ду;
в) бахьанин латтаман ду.

**5. Ло массанхьара дешнера. «массанхьара» - боху дош**
а) къастам бу;

б) латтам бу;
в) кхачам  бу.

**6.** ***Барт болчохь беркат, барт боцчохь бохам*** **-предложенехь**
а) тире йилла еза;
*б)* ц1оьмалг йилла еза;
в) шит1адам билла беза.

**7. Предложенин коьрта меженаш йу:**
а) латтам, къастам, лач кхачам;
б) подлежащи, сказуеми, нийса кхачам;
в) ц1ердош, куцдош, дакъалг.

**8.Предложенин коьртаза меженаш йу:**
а) латтам, къастам, лач кхачам;
б) подлежащи, сказуеми, нийса кхачам;
в) ц1ердош, куцдош, дакъалг.

**9.Подлежащи хуьлу:**
а) лааме, лаамаза;
б) грамматически, логически;
в) мухаллин, меттиган.

**10. Сказуеми  хуьлу:**
а) хандешан цхьалхе сказуеми;
б) грамматически, логически;
в) мухаллин, меттиган.

## 8 класс

## Тест №1

**Вариант I:**

**1.Маса элп  ду нохчийн алфавитехь:**
1. 45;
2. 33;
3. 47;
4. 49.

**2.Маса элп ду нохчийн алфавитехь оьрсийн маттахь доцуш:**
1.12;

2. 13;
3. 16;
4. 15.

**3.Цхьанах1оттаман предложении йу:**
1. Маликас кехат йаздо;
2. Т1екхечи ас сатийсина б1аьсте;
3. Арахь йовха йу;
4. Схьакхеттачу маьлхан з1аьнарша дохдина латта.

**4.Курачу лулахочун х1уьттаренна, кхузахь йиллина хир йу г1ала. – Х1уьттаренна – боху латам:**
1. меттиган;
2. бахьанин;
3. даран суьртан;
4. 1алашонан.

**5.Г1уллакхан къамелан дакъош х1орш ду:**
1. дешт1аьхье, хуттург, дакъалг, айдардош;
2. ц1ердош, билгалдош, терахьдош, ц1ерметдош, куцдош, хандош;
3. ц1ердош, билгалдош, терахьдош, ц1ерметдош, куцдош, хандош;

**6.ЙУкъара ц1ердешнаш х1орш ду:**
1. илли, безам, к1ант;
2. Дауд, Ислам, Малика;
3. Терк, Башлам, Шуьйта;
4 «Даймохк», «Орга», «З1уга».

**7. Ц1ерниг, коьчалниг дожарийн хаттарш х1орш ду:**
1.хьенан? стенан?, хьан? стен?
2. мила? х1ун?, хьаьнца? стенца?
3. хьанна? стенна?, хьанах? стенах?
4. хьаьнга? стенга?, хьанал? стенал?

**8.Муьлхачу къамелан дакъойн билгалонаш йу деепричастин:**
1. ц1ердешан, билгалдешан;
2. хандешан, билгалдешан;
3. хандешан, куцдешан;
4. терахьдешан, хандешан.

**9.Маца? Мацале? Маццалц? Маца дуьйна – х1ара хаттарш:**

1. меттиган латтаман;
2. даран суьртан латтам;
3. хенан латтаман;
4. бахьанин латтаман.

**10.Х1ара ц1ердешнаш цхьаллин терахьехь бен ца лела:**
1. йовхарш, аьшпаш, йоькаш;
2. стаг, йо1, йис;
3. Салман, 1ийса, Асет;
4. хьонка, х1аваъ, тов.

**Вариант II:**

**1.Лург, хотталург дожарийн хаттарш х1орш ду:**
1. хьенан? стенан?, хьан? стен?
2. мила? х1ун?, хьаьнца? стенца?
3. хьанна? стенна?, хьанах? стенах?
4. хьаьнга? стенга?, хьанал? стенал?

**2. Меттигниг, дустург дожарийн хаттарш х1орш ду:**
1. хьенан? стенан?, хьан? стен?
2. мила? х1ун?, хьаьнца? стенца?
3. хьанна? стенна?, хьанах? стенах?
4. хьаьнга? стенга?, хьанал? стенал?

**3.Маса коьрта меже йу нохчийн меттан предложенин:**
1. 2;
2. 3;
3. 4;
4. 1.

**4.Хандешан коьрта:**
1. 3 хан йу;
2. 5 хан йу;
3. 8 хан йу.
4. Хандешнаш хенашца хийца ца ло.

**5.Хандешан карарчу ханна чудог1у х1ара дешнаш**:

1)т1екхечи, схьавог1ур ву;
2)дийцира, йоьлура;
3) охку, схьакхета;
4) дуьйцура, хаьтти.

**6.Коьртачу дашо дозуш долу дош шена оьшучу дожаре х1оттош йолу уьйр:**
1)бартбаран;
2) урхаллин;
3) т1етовжаран.

**7. Ц1ердош**:
1) къамелан дакъа ду;
2) предложенин коьрта меже йу;
3) предложенин коьртаза меже йу;
4) предложенин шакъаьстина меже йу.

**8.Аддам а, цхьаъа а, стагга а боху ц1ерметдешнаш ду:**
1) къастаман;
2) къастамза;
3) дацаран;
4) гайтараран.

**9. билгалдаха лааме рог1аллин терахьдешнаш:**
1. цхьаъ, ши, пхиъ;
2. цхьа к1ант, ши йог1, пхи сом;
3. хьалхара курс, шолг1а ц1а, пхоьалг1а урам;
4. хьалхарниг,шолг1аниг, пхоьалг1аниг.

**10.Терахьдашо:**
1) х1уманан билгало гойту;
2) х1ума билгалйо;
3) х1уманан масалла гойту;
4) х1уманан дар йа хилар гойту.

## Тест № 2

**1.Синтаксисо 1амадо** :
1) элпаш, аьзнаш;
2) дешнаш, дешнийн кхолладалар;
3) дешнийн цхьаьнакхетар, предложенеш.

**2.Чолхе предложенеш хуьлу:**

а) чолхе-карара, чолхе – хуттургаш йоцуш, чолхе-цхьаьнакхетта;
б) т1етуху, коьрта;
в) йуьхьан, йуьззина, ц1еран.

**3. Муьлхачу предложених олу чолхе-карара предложени?**
1) цхьабосса бакъо йолуш цхьаьнакхеттачу цхьалхечу предложених лаьттачух;
2) кхетаран меженаш шена шена чохь йолчу предложених;
3) коьртачу а, т1етухучу а предложенех лаьттачух.

**4. Воккхачу дадас меллаша корта те1абора, амма цхьа дош ца элира. - предложени муьлхачу тайпана йу?**
1) чолхе-карара;
2) хуттургаш йоцу чолхе;
3) чолхе-цхьаьнакхетта.

**5. Хезна суна, Кавказ хазачу 1аламан мохк бу бохуш- предложени муьлха тайпана йу:**
1) чолхе – карара;
2) хуттургаш йоцу чолхе;
3) чолхе-цхьаьнакхетта.

**6.Сан дог (1) хьо деттало (2) къахьоьгуш халкъана (3) баркалла хир хьуна (4) иштта хьо дахарна!. - предложенехь ц1оьмалгаш йахкаран нийса вариант муьлха йу?**
1) 2, 3,4;
2) 1,3;
3) 1,2,3,4.

**7. Пенаш лергаш долуш а дечигаш мотт хууш а йу бохуш кица ду вайн нохчийн- предложенешкахь муьлха сацаран хьаьркаш х1итто деза?**
1) ц1оьмалгаш йахка еза;
2) х1уммаъ йилла ца еза;
3) тиреш йахка еза.

8. **Б1аьсте а д1аелира, деана 1а а т1ех1оьттира. - предложенера «а» х1ун йу?**
1) карара кхеторан хуттург йу;
2) хуттурган дош ду;
3) цхьаьнакхетаран хуттург йу.

**9. Ерриге а шен бедарш йашийна аьлла, дагадеара цунна. - предложенера т1етуху предложени муьлха тайпана йу?**
1) къастаман йу;

2) кхачаман йу;
3) хенан йу.

**10. Цхьаьнакхетаран хуттургаш хуьлу:**
1) бахьанин, бехкаман, дустаран, кхеторан;
2) кхачаман, къастаман, латтамийн;
3) дозаран, дуьхьалара, къасторан, довзийтаран.

**11. Х1ара предложени чолхе-карара йу:**
1) И д1абоьду некъ стенга боьдуш бу, дийцахьа суна;
2) Х1инца, суна хаьа, мало йан мегар дац;
3) кхин охьа а ца лахлуш, къамеле елира зуда;
4) Малх хьаьжнера, делахь а йовхо к1еззиг йара.

**Вариант II:**

**1.Фонетико 1амадо**
а) элпаш, аьзнаш;
б) дешнаш, дешнийн кхолладалар;
в) дешнийн цхьаьнакхетар, предложенеш.

**2.Чолхе предложенеш хуьлу:**
а) чолхе-цхьаьнакхетта;
б) чолхе-карара ;
в) чолхе – хуттургаш йоцуш.

**3. Муьлхачу предложених олу чолхе-цхьаьнакхетта предложени?**
а) кхетаран меженаш шена шена чохь йолчу предложених;
б) цхьабосса бакъо йолуш цхьаьнакхеттачу цхьалхечу предложених лаьттачух;
в) коьртачу а, т1етухучу а предложенех лаьттачух.

**4. Б1аьсте а д1аелира, деана 1а а т1ех1оьттира. - предложени муьлхачу тайпана йу?**
а) чолхе-карара ;
б) хуттургаш йоцу чолхе ;
в) чолхе-цхьаьнакхетта.

**5. Пхьоьхана ваьллачу к1антана хезна, цхьана махкахь хазалла г1арайаьлла паччахьан йо1 йу *бохуш* - предложени муьлха тайпана йу:**
а) чолхе – карара ;
б) хуттургаш йоцу чолхе;
в) чолхе-цхьаьнакхетта.

**6. Варийлахь(1) Дука(2) нуй (3) шайн Бабин не1ара т1ехьарниг ма балахь(4) и ( 5) суна бевзар бу хьуна. - предложенехь ц1оьмалгаш йахкаран нийса вариант къастае**

а) 1,2,4;

б) 2,4,5;

в) 1,3,4,5.

**7. Кху предложенехь ц1оьмалгаш йахкаран нийса вариант муьлха йу?**

***Кондаргаш д1айаьхна(1)цхьа ирзун к1ажа а ц1анбина(2) наха саг1ина беллачу шина 1ахарх г1еххьа жа а долийна(3) ша мангал хьокхуш(4)ша талла оьхуш(5) халла(6) ондаваькххина цо(7) и шен к1ант***

а) 1,2, 3,4, 5;

б) 2,3,4,5;

в) 1,2,3,4.5,7.

***8. Сахиллалц шен хазачу эшаршца иза новкъайоккху зарзаро.*- предложенин грамматически лард йу**

а) иза новкъайоккху;

б) новкъайоккху зарзаро;

в) эшаршца новкъайоккху.

**9. И ледарло шегара кхин йолуьйтур йац аьлла, суна дош делира Асхьаба. - предложенера аьлла** боху дош х1ун йу?

а) хуттурган дош ду ;

б) цхьаьнакхетаран хуттург йу;

в) карара бахьанин хуттург йу.

**10. Цхьаьнакхетаран хуттургаш хуьлу:**

а) бахьанин, бехкаман, дустаран, кхеторан;

б) кхачаман, къастаман, латтамийн;

в) дозаран, дуьхьалара, къасторан,

**11. Х1ара предложени чолхе-карара йу:**

а)Къеггина хьоьжура малх, амма арахь йовха йацара;

б) Къеггина хьоьжура малх;

в) Олдам шайн куьпахь а г1арраваьллера, гуттар а ойланаш еш, г1ийла ву бохуш.

**Чеченский йазык 9 класс**

**Тест № 1**

**Вариант I:**

**1. Мила ву дуьххьара нохчийн абат йазйинарг, муьлхачу шарахь арайаьлла иза?**
а) 1862 ш. Досов Къеда;+
б) 1870 ш. Эльдарханов Таьштмар;
в) 1920 ш. Джамалханов Зайнди.

**2. Халкъан историн дӀадахнарг а, церан культурин йукъаметтигаш а Ӏамочу Ӏилманах олу?**
а) этимологи;
б) этнографи;
в) этнос.

**3. Предложенин муьлхачу меженийн хуьлу дурсаш?**
а) подлежащин, сказуемин;
б) кхачаман, къастаман;
в) хенан, меттиган латтамийн.+

**4. Хуттургаш хуьлу ...**
а) даран суьртан, меттиган;
б) цхьаьнакхетаран, карара;+
в) долара, йукъара.

**5. Куцдешан предложенехь муьлхачу къамелан декъаца уьйр хуьлу?**
а) цӀердашца;
б) хандашца;+
в) билгалдашца.

**6. Причастица муьлхачу къамелан дакъойн билгалонаш хуьлу?**
а) цӀерметдешан, билгалдешан;
б) куцдешан, хандешан;
в) хандешан, билгалдешан.+

**7. Хандешан муьлхачу саттаман йу суффиксаш -лда, -ийла?**
а) лааран;+
б) тӀедожоран;
в) билгала.

**8. Цхьана дешдекъах лаьтташ долу а, церан гIоьнца кхолладелла долу чолхе хандешнаш а муьлхачу спрйажени чудогIу?**
а) 1-ра спрйажени;
б) 3-гIа спрйажени;
в) хандешан нийса йоцу спрйажении.+

**9. Муьлхачу тайпана ду хIара дакъалгаш: ма, ткъа, хIаъ, хьаха?**
а) айдаран;
б) бакъдаран;
в) хаттаран.

**10. Муьлхачу къамелан декъо ло дешнашна йа дийначу предложенешна тайп-тайпана маьIна?**
а) дакъалг;
б) хуттург;
в) дештIаьхье.

**Вариант II:**

**1. Орфографи олу…**
а) меттан дерриге а дешнех;
б) дешнийн нийсайаздар Iамочу бакъонех;+
в) йозанехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонех.

**2. Дешан хIоттаман къастам бе лахарчу дешнашна.**
ЧугIоьртира, хьалакхоссаро, тIецакхетарна, охьавоьссина.

**3. Муьлхачу къамелан дакъошка йоьрзу причасти?**
а) куцдешнашка, цIерметдешнашка;
б) хандешнашка, билгалдешнашка;
в) цIердешнашка, билгалдешнашка+.

**4. Муьлхачу къамелан дакъойн хуьлу даржаш?**
а) билгалдешан, куцдешан;+
б) хандешан, цIердешан;
в) билгалдешан, цIердешан.

**5. Муьлхачу тайпана ду лахара цIерметдешнаш?**
**Оццул, хIоккхул, иштта, хIара, кхечуьнга**
а) къастаман;
б) дацаран;
в) къастамза.+

**6. Коьчалниг дожарехь –нца, -рца чаккхенаш йолу цIердешнаш муьлхачу легарна чудогIу?**
а) 2-гIа легар;
б) 1-ра легар;
в) 3-гIа легар.+

**7. Фразеологически цхьаьнакхетар олу…**
а) дешнийн цхьаьнакхетарх;
б) дешнийн чIагIделлачу цхьаьнакхетарх;+
в) вовшашца бартбаран уьйр йолчу дешнех.

**8. Дешнийн тайпанаш йа церан маьIнаш Iамочу лексикологин декъах хIун олу?**
а) лексикологи;
б) лексикографи;
в) семасиологи.+

**9. ХIокху предложенехь дуьхьа дештIаьхье йу. Муьлхачу тайпана йу и дештIаьхье?**
**Дуьхьа Iибадат до бусалбачу наха.**
а) хенан;
б) меттиган;
в) Iалашонан.+

**10. Нийса аларан а, йаздаран а, грамматикин а, дешнаш харжаран а, стилистикин а бакъонех хIун олу?**
а) литературни меттан норманаш;
б) литературни меттан стилаш;
в) литературни меттан хьелаш.

**Тест № 2**

**Вариант I:**

**I. Маса ду нохчийн абатехь зевне а, къора а, легашна тIера а мукъаза элп?**
а) 15 къора, 15 зевне, 5легашна тIера;
б) 11 къора, 11 зевне, 6 легашна тIера;
в) 13 къора, 13 зевне, 7 легашна тIера.+

**2. Чолхе предложенеш хуьлу**
а) … карара, … хуттургаш йоцу, … цхьаьнакхетта;+
б) тIетуху, коьрта;
в) йуьхьан, йуьззина, цIеран.

**3. Лексика олу…**
а) меттан дерриге а дешнех;+
б) меттиган маттах;
в) дешнийн нийсайаздарх.

**4. Архаизмаш олу…**
а) ширделлачу дешнех;+
б) тIеэцначу дешнех;
в) керлачу дешнех.

**5. ХIорш карарчу уьйран кепаш йу:**
а) йуьхьан, йуьхьза, цIеран.
б) бартбар, урхалла, тIетовжар;+
в) хIоттаман, чолхе, цхьалхе;

**6. Терахьдешнаш хуьлу…**
а) гулдаран, масаллин, билгалза-масаллин;+
б) мухаллин, доладерзоран;
в) йаххьийн, къастаман, гайтаран.

**7. Дацаран дакъалг ца хандешнашца муха йаздо?**
а) даим цхьаьна;
б) даим къаьстина;+
в) наггахь цхьаьна.

**8. Дацаран дакъалг ца деепричастица муха йаздо?**
а) даима цхьаьна;
б) къаьстина;+
в) цхьаьна а, къаьстина а.

**9. Дешан хIоттаман дакъош … ду.**
а) подлежащи, сказуеми, къастам;
б) цIердош, билгалдош, дештIаьхье;

в) орам, чаккхе, дешхьалхе, суффикс, лард.+

**10. Диалект … олу.**
а) лексиках;
б) фонетиках;
в) меттиган маттах.+

**Вариант II:**

**1. Лексика олу…**
а) меттан дерриге а дешнех;+
б) меттиган маттах;
в) дешнийн нийсайаздарх.

**2. Лексика бохучу декъа йукъа йогIу…**
а) лексикалоги;+
б) семасиологи;
в) орфографи.

**3. ХIокху дешнех синонимаш билгалъйаха:**
а) Iазап – таIзар;
б) ахьар – сискалгIа;+
в) дуьне – эхарт.

**4. Архаизмаш олу…**
а) ширделлачу дешнех;+
б) тIеэцначу дешнех;
в) керлачу дешнех.

**5. ХIара дешнаш тIеэцна ду:**
а) доьзал, хIусам, кхерч;
б) йасакх, хьаьрк, дарс;+
в) да, кIант, лулахо.

**6. Меттиган маттах хIун олу?**
а) лексика;
б) фонетика;
в) диалект.+

**7. Фразеологически цхьаьнакхетар олу…**
а) дешнийн цхьаьнакхетарх;
б) дешнийн чIагIделлачу цхьаьнакхетарх;+

в) вовшашца бартбаран уьйр йолчу дешнех.

**8. Орфографи олу…**

а) меттан дерриге а дешнех;
б) дешнийн нийсайаздар Iамочу бакъонех;+
в) йозанехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонех.

**9. Дешан хIоттаман дакъош ду:**

а) подлежащи, сказуеми, къастам;
б) цIердош, билгалдош, дештIаьхье;
в) орам, чаккхе, дешхьалхе, суффикс, лард+.

**10. ХIорш карарчу уьйран кепаш йу:**

а) бартбар, урхалла, тIетовжар+;
б) хIоттаман, чолхе, цхьалхе;
в) йуьхьан, йуьхьза, цIеран.